



Pou Piblikasyon Imedya: 24/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**KREYE NOUVO DJÒB: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON  
ENSTALASYON PANO SOLÈ NAN KONTE NIAGARA**

***Pwojè 125 megawat la vize pou pote enèji pwòp bay plis pase 25,000 fwaye epi sipòte plis pase 200 djòb lokal nan sektè konstriksyon an***

***19yèm pwojè enèji renouvlab sou gwo echèl ke ORES te apwouve depi 2021***

***Pwojè ORES yo jiska jou sa a bay eta a 2.8 jigawat nouvo enèji pwòp***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab ak Transmisyon Elektirik (Office of Renewable Energy Siting and Electric Transmission) Eta Nouyòk te bay yon pèmi enplantasyon definitif pou pak solè Somerset la. Pwojè a, ki sitiye nan Vil Somerset, nan Konte Niagara, pral pwodui 125 megawat enèji pwòp epi renouvlab. Yon fwa li operasyonèl, enstalasyon an pral redwi emisyon kabòn nan plis pase 177,000 tòn metrik chak ane—ki ekivalan a retire plis pase 35,000 machin nan wout la—epi pral pwodui ase elektrisite pou alimante plis pase 25,000 kay ki gen gwosè mwayèn.

"Pak solè Somerset la montre pwogrès Eta Nouyòk nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk delivrans pèmi enplantasyon sa a, n ap kreye djòb ki byen peye nan Lwès Nouyòk, pandan y ap bay fanmi ak biznis nou yo enèji pwòp epi dirab."

Pwojè solè Somerset la se premye pèmi ORES te bay pou yon enstalasyon enèji renouvlab sou yon sit endistriyèl re-afekte. Enstalasyon an sitiye sou pati yo nan estasyon Somerset la, yon ansyen izin chabon, ak pòsyon nan yon dechaj – tou de ideyal pou devlopman enèji solè.

Otorizasyon pak solè a te swiv yon pwosesis revizyon alè, detaye ak transparan ak patisipasyon piblik solid la pou asire pwojè yo pwopoze a respekte oswa depase egzijans lwa Eta a ak règleman aplikasyon li yo. Yo te jije aplikasyon pou pak solè a te konplè 5 fevriye ak yon pwojè pèmi ORES ki te pibliye 5 avril. ORES te òganize yon odyans kòmantè piblik nan dat 11 jen. Dosye konplè a gen ladan 41 kòmantè piblik ak deklarasyon alekri.

**Zeryai Hagos, Direktè Egzekitif Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab ak Transmisyon Elektrisite Eta Nouyòk la, te deklare,** "Avèk anons pèmi enplantasyon Somerset Solar, Eta Nouyòk kontinye demontre angajman li an favè tranzisyon pou enèji pwòp ak enplantasyon responsab ak devlopman resous enèji renouvlab. Pandan n ap apwoche 3 GW enèji pwòp yo otorize depi 2021, ORES pral kontinye ede Nouyòk pou aplike youn nan politik klima ki pi anbisyè nan peyi a."

**Prezidan Konsèy Metye Batiman Buffalo a, Paul Brown, te deklare,** "Pwojè ki asosye ak travay yo pou yon avni ki pi pwòp, ki pi vèt se toujou yon bon nouvèl pou Konte Niagara ak Lwès Nouyòk. N ap tann avèk enpasyans plis opòtinite pou fanmi ak kominote nou yo sou direksyon Gouvènè Hochul."

**Direktè Komèsyal IBEW Local 237, John Scherrer, te deklare,** "IBEW Local 237 fyè pou sipòte pwojè pak solè Somerset la. "Avèk anons pèmi enplantasyon pou Somerset Solar ki montre pwogrè Eta Nouyòk nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp, anpil djòb ki byen peye pral kreye pou elektrisyen nou yo." Travay sa a pral sipòte fanmi lokal yo epi li pral bay bon opòtinite fòmasyon djòb pou divès gwoup apranti nou yo k ap travay nan domèn enèji elektrik renouvlab. Gras a Gouvènè Hochul, IBEW kontinye ALIMANTE NOUYÒK!"

Dapre pwomotè a, pwojè Somerset la pral sipòte plis pase 200 djòb apentant nan sektè konstriksyon an pandan peryòd konstriksyon 18 mwa a. Selon pwomotè a, djòb lokal nan sektè konstriksyon yo ta dwe prensipalman benefisye sila yo ki nan metye konstriksyon nan Konte Niagara ak mache travay rejyonal ki antoure a, ki gen ladan operatè ekipman, chofè kamyon, travayè jaden ak elektrisyen. Peryòd konstriksyon pwojè a pral ankouraje tou depans nan otèl lokal yo, restoran, boutik, amizman ak touris.

Anplis de sa, avantaj kominote akèy yo enkli, men yo pa limite a, kreye djòb pèmanan pandan operasyon yo, depans taks sou pwopriyete lokal yo, depans lokal ak rejyonal yo, ak yon akò kominote akèy ak vil Somerset, tout san yo pa ogmante anpil depans pou otorite lokal yo, distri lekòl yo, oswa sèvis ijans. Dapre pwomotè a, avantaj yo pral gen ladan amelyorasyon wout piblik yo, ogmante revni taks pou finansse enfrastrikti lokal yo ak sèvis piblik yo, lekòl yo ak lòt priyorite kominote yo.

Somerset Solè make 19yèm pwojè enèji renouvlab a gwo echèl ke ORES te apwouve depi 2021, ki reprezante ototal 2.8 jigawat (GW) nouvo enèji pwòp nan Eta Nouyòk. Pwogrè sa a pèmèt Nouyòk atenn objektif nasyonal enèji pwòp li yo pandan l ap etabli Eta Nouyòk kòm yon egzanp pou pwosesis efikas, transparan, rigè, nan pwosedi otorizasyon enplantasyon konplè ki pèmèt gwo enstalasyon enèji renouvlab.

Ou kapab jwenn desizyon jodi a lè ou ale sou sitwèb biwo a nan <https://ores.ny.gov/permit-applications>.

**Ajanda Klimatik Eta Nouyòk**

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)